# ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE DENE TÁRBIYA SABAǴÍN SHÓLKEMLESTIRIW HÁM ÓTKERIW USÍLLARÍ

**S.J.Orazimbetov** – *assistent oqıtıwshı*
**Q.T.Jumaniyazov** – *úlken oqıtıwshı*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** jismoniy tarbiya darsining natijalari, individual xususiyatlar, optimal dars zichligi, darsning tuzilishi, jismoniy mashqlar, pedagogik vazifalar, tayyorgarlik, asosiy va yakuniy qismlar, harakat samaradorligi, tananing anatomik va fiziologik xususiyatlari.

**Ключевые слова:** результаты урока физического воспитания, индивидуальные особенности, оптимальная плотность урока, структура урока, физические упражнения, педагогические задачи, подготовительная, основные и заключительные части, эффективность движения, анатомо-физиологические особенности организма.

**Key words:** the result of a physical education lesson, physical condition, individual differences, optimal lesson intensity, lesson structure, physical structures, pedagogical methods, preparatory, passive and cooperative parts, movement efficiency, anatomical and physiological differences of the body.

**Kirisiw.** Dene tárbiya sabaǵınıń nátiyjesi kóbinese oqıtıwshınıń dúzgen jobasınıń turmıstan alınǵanlıǵı, shuǵıllanıwshılardıń iskerligin shólkemlestiriw ushın tańlaǵan usılları bar, texnikalıq hám sport qurallarınan sport imaratlarınan paydalana alıw, temperatura, ıqlım sharayatı, oqıwshılardıń tayarlıǵı, olardıń jası, individual ózgesheliklerin esapqa alıp, paydalanıw menen baylanıslı.

Sabaq shólkemlestiriliwiniń táminleniwi tómendegilerden ibarat:

1) Medicina hám gigienalıq jaǵday jaratıw hám oǵan ámel etiwdi;

2) Materiallıq-texnikalıq jaqtan támiyinlewdi;

3) Sabaqta oqıwshılardıń iskerligin shólkemlestiriw usılların durıs tańlaw arqalı qoyılǵan wazıypanı unamlı sheshiwdi názerde tutadı [2].

Sabaqtı ótkeriwdiń gigienalıq jaǵdayın jaratıw degende fizikalıq shınıǵıwlar menen shuǵıllanıw procesinde júzege keletuǵın, salamatlastırıw wazıypasınan kelip shıǵatuǵın bir pútin kompleks ilajlar túsiniledi. Soǵan qaray shınıǵıwlardı ótkeriw ornınıń durıs tańlaw, gigienalıq normalarǵa sáykesligin; sport zalı ushın temperaturası 14-16$^0$ da bolıwı lazım. Sonıń ushın shınıǵıw orınların taza hawa menen támiyinlewdiń áhmiyeti úlken. Shınıǵıwlar tamamlanǵannan soń shuǵıllanǵan orın tazalawdı talap etedi.

Sabaqtı materiallıq-texnikalıq jaqtan támiyinlew degende sabaqtıń optimal tıǵızlıǵın támiyinlewge múmkinshilik beretuǵın, qoyılǵan kompleks wazıypalardı tolıq sheshiw ushın kepillik beretuǵın, jeterli dárejedegi oqıw-tárbiya quralları hám shınıǵıw ornı názerde tutılǵan.

Sońǵı jıllarda kópshilik mekteplerde fizikalıq tárbiya oqıtıwshılarınıń baslaması menen sport zalları hám sport maydanları bir waqıtta kópshilik oqıwshı shuǵıllanıwı múmkin bolǵan standart emes qurallar hám trenajerlar menen úskenelenbekte. Bunday qurallardan paydalanıw sabaq tıǵızlıǵın áhmiyetli joqarı dárejede shólkemleskenlik formasınıń payda bolıwı shınıǵıw nátiyjeleriniń artıwına alıp kelmekte.

Dene tárbiya sabaǵınıń mazmunı sabaq shınıǵıwlarınıń sıpatın belgilewshi tórt tiykarǵı komponenttiń ulıwmalıǵında kórinedi. Bul elementler ózara úzliksiz baylanısqan hám sabaqtıń xarakterli **komponentleri** dep ataladı. Olar:

a) sabaqtıń quramına kirgizilgen fizikalıq shınıǵıwlar sabaq mazmunınıń eń iri xarakterli komponenti. Biraq, bunday túsinik bir tárepleme bolıp tárbiyalaw, salamatlastırıw, bilim beriw wazıypaların sheshiwde shuǵıllanıwshılar ushın iskerlik predmeti bolıp xızmet etedi. Shınıǵıwlar sabaqtıń ulıwmalastırılǵan predmetiniń mazmunı, basqa mániste sabaq mazmunınıń bir tárepi.

b) usınıs etilgen shınıǵıwlardı orınlaw menen baylanıslı bolǵan oqıwshılardıń sabaqtaǵı iskerligi sabaq mazmunınıń gezektegi komponentlerinen biri. Bul komponent shuǵıllanıwshılardıń hár qıylı kórinistegi intellektual hám fizikalıq iskerliginen ibarat bolıp, olar pedagogtı esitiw, kórsetilip atırǵan shınıǵıwdı dıqqat penen baqlaw, háreket iskerligi arqalı payda bolǵan elesletiw ústinde pikir júritiw, orınlanatuǵın háreket iskerliginiń joybarın dúziw, onı orınlaw, óz háreketlerin tekseriw, qadaǵalaw hám baqlaw, payda bolǵan mashqalalardı pedagog penen birgelikte talqılaw, payda bolǵan emocionallıqtı basqarıw hám t.b. Shuǵıllanıwshılar sabaqtıń wazıypasın sheshiw boyınsha barlıq iskerligin, sabaq mazmunınıń tiykarın saladı.

v) pedagogtıń iskerligi sabaq mazmunınıń gezektegi komponenti bolıp, tómendegi jaǵdaylarda kórinedi. Úyge tapsırma beriw hám onı túsindiriw, sabaqtıń anıq wazıypasın bayan ete alıw hám onı sheshiwdi shólkemlestiriw, shuǵıllanıwshılardı mudamı qadaǵalap barıw, olardıń iskerligin talıqlaw, sonday-aq shuǵıllanıwshılardıń iskerligin durıs jolǵa qoyıw, olar arasındaǵı múnásibetlerdi óziniń dıqqat orayına tartıw, basqarıw, qadaǵalaw sıyaqlı tálim-tárbiya procesinde unamlı rol oynaytuǵın áhmiyetli tiykarǵı jaǵdaylardı óz ishine aladı.

g) shuǵıllanıwshılardıń organizminde sabaq processinde shınıǵıwlardı orınlawda kelip shıǵatuǵın

fiziologiyalıq, psixologiyalıq, biomexanikalıq hám basqa da ózgerisler sabaq mazmunınıń gezektegi xarakterli komponentlerinen biri esaplanadı. Olardıń nátiyjesindegi ózgerisler, qáliplesken teoriyalıq hám ámeliy bilimler, orınlay alıw, háreket dárejesi hám onıń avtomatlasıwı arqalı kelip shıǵatuǵın jasırın dawir sabaq mazmunınıń tórtinshi komponenti esabınan kelip shıǵadı. Bunda oqıtıwshınıń iskerligi hám oqıwshılar iskerliginiń nátiyjesi jasırınǵan boladı. Jobalastırılǵan oqıw tárbiyalıq jumıslardı payda bolıp atırǵanlıǵı kúndelikli tekserilip, pedagogikalıq iskerliktiń keyin qáytip dawam ettiriliwi lazımlıǵı ushın kórsetpeler tayarlanadı [1].

**Dene tárbiyası sabaǵınıń dúzilisi.** Dene tárbiya sabaqları menen baylanıslı máselelerdiń eń áhmiyetlisi onı qáytip dúziw máselesi. Sabaqtıń dúziliw nızamlılıqları haqqında aytıwdan aldın onıń strukturalıq duzilisleri nelerden ibarat ekenligin belgilep alıw hám anıqlaw kerek boladı. Dáslep sabaq haqqında pikir bildirip, onıń quramına kirgizilgen fizikalıq shınıǵıwlar, olardıń izbe-izligi hám dawamlılıǵına qarap «sabaq sxeması» duziledi. Keyin sabaqqa qoyılǵan wazıypalar hám olardı sheshiw ushın tańlanǵan fizikalıq shınıǵıwlar olardıń normasına qarap «sabaq jobası» islep shıǵıladı. «Sabaqtıń qurılısı» degen atama birinshi mártebe V.V.Belinovich tárepinen (1939) qollanıldı hám orınlı túrde sabaqtıń qurılısı dep durıs ataldı. V.V.Belinovich sabaqtıń qurılısı, wazıypaları hám fizikalıq tárbiyanıń mazmunına qarap belgileniwin uqtıradı. N.N.Efremov (1959) birinshi mártebe «sabaqtıń qurılısı» degen túsinikke táriyp beriwge urındı hám sabaqtıń strukturasi degende shınıǵıwdıń quramı (kirisiw, tayarlaw, tiykarǵı hám juwmaqlaw) bólimleriniń ózara jaylasıwı hám múnásibetin názerde tuttı. Sabaq qurılısınıń joybarı ayrıqsha sabaqlardı dúziwde paydalanılatuǵın sabaq konspekti arqalı belgilenedi. Sabaqtıń qurılısı oqıtıwshını sabaqlarǵa shınıǵıwlardı jaqsı tańlawǵa, materiallardı durıs jaylastırıw hám sabaqtaǵı júklemeniń normasın anıq belgilewge járdem beredi.

Sabaqtıń qurılısı baǵdarlama materiallarınıń belgilengen wazıypa tiykarında úzliksiz úyreniwdi jolǵa qoyadı. Sabaq ushın jobalastırılǵan wazıypalardı sheshiwde qollanılatuǵın tálim usıllarına anıqlıq kirgizedi hám onı qollanıw ushın sabaqtıń bólimleri yaki olardıń ayırım bóleklerinen qanday paydalanıw lazım ekenligin belgileydi [1].

Dene tárbiya sabaǵında hár qanday pedagogikalıq wazıypalardı sheshiw kóbinese shuǵıllanıwshılardıń organizminen belgili dárejedegi zorıǵıwdı payda etedi, sonıń ushın bul juklemege organizm tiyisli dárejede tayar bolıwı kerek.

Ullı rus alımı I.P.Pavlov organizmdi qıyın wazıypalardı sheshiwge tayar bolıwı zárúrligin uqtırıp, shınıǵıwdı áste-aqırınlıq penen tákirarlaw fiziologiyalıq qaǵıydalarǵa tiykarlanıwdı talap etedi dep túsindiredi. Bul kórsetpe oqıtıwshınıń juwapkershiligine shuǵıllanıwshılardan úlken kúsh talap etetuǵın pedagogikalıq wazıypalardı sheshiw sabaqtıń basında emes, belgili tayarlıqtan soń, shınıǵıwlardıń, sabaqtıń aqırında sheshiliwi lazım ekenligin, usı shınıǵıwdaǵı tiykarǵı wazıypalarǵa shuǵıllanıwshılardıń organizmin sáykeslestiriw, zárúr kiypiyattı payda etiw hám belgilengen wazıypalardı orınlawǵa, shınıǵıwdı úyreniwge bolǵan zárúrliktiń qáliple-siwin shınıǵıwlar dawamında talap dárejesin kóteriw lazım ekenligine toqtaladı.

Hár bir sabaq úsh bólimli quramǵa iye ekenligi haqqında joqarıda pikir bildirdik hám olar tayarliq, tiykarǵı hám juwmaqlaw bólimlerlen ibarat bolip

1. Dene tárbiya sabaǵınıń tayarliq bólimi ushın 8-12 min waqıt sarıplanadı. Baslanǵısh klaslarda bolsa 20 minutqa shekem bolıwı múmkin. Iqlım jaǵdayı suwıq, ıssı hám t.b. qarap sarıplanıp atırǵan waqıt biraz kóbeytiliwi múmkin. Tayarlaw bólimi tiykarınan, sabaqtıń tiykarǵı bóliminde beriletuǵın fizikalıq júkke oqıwshı yaki shuǵıllanıwshınıń organizmin funktsional jaǵdayın tayarlaydı. Organizmniń funkcional jaǵdayın sabaqtıń tiykarǵı bólimine tayarlıǵı, oqıwshınıń háreket koordinaciyasınıń jaqsılanǵanlıǵı, jeńil terlew, betinde qızıllıqtıń payda bolıwı, oqıwshınıń háreket iskerliginiń asıwı, dem alıw ritminiń biraz tezlesiwi, emocional jaǵdayınıń kóterińkiliginiń bayqalıwı arqalı anıqlanadı. Shólkemlestiriw minutınan soń kerek bolsa dıqqat ushın shınıǵıwlar sabaqtıń wazıypası yaki temasın daǵazalaw, qáddi-qáwmet ushın shınıǵıwlar, dem alıw ritmi, júrektiń urıw chastotası, qan aylanısın tezlestiriw, dene buwınları, muskulları ushın háreketde oqıwshılardı toqtatıp hár qıylı shınıǵıwlar orınlatadı. Sabaqtıń tayarlaw bólimi tiykarǵı bólimde orınlanıwı lazım bolǵan háreket iskerligi ushın «tayarlaw» hám «jollama beriwshi» shınıǵıwlar menen tamamlanadı.

2. Dene tárbiya sabaǵınıń tiykarǵı bólimi ushın 25-30 minutqa shekem (45 minutlı sabaqlarda) waqıt sarıplanadı hám oqıtıwshı tárepinen dúzilgen sabaq joba-konspektine kirgizilgen fizikalıq tárbiyadan Mámleketlik tálim standartındaǵı tiyisli klass ushın jobalastırılǵan jańa shınıǵıwlar uyretiltdi yaki dáslepki klaslarda ózlestirilgen fizikalıq shınıǵıwlar háreket iskerligi tanıstırıladı, ózlestiriledi, bekkemlenedi. Sabaqtıń bul bólimi onıń mazmunına kirgizilgen tiykarǵı fizikalıq shınıǵıwlar, olardı orınlaw ushın tańlanǵan usıllar, olardan paydalanıwdı shólkemlestiriw formaların tańlaw hám dúziw sıyaqlı quram bóleklerin óz ishine aladı. Bunnan tısqarı fizikalıq tárbiyadan Mámleketlik tálim standartı baǵdarlamasınıń bólimleri (gimnastika, jeńil atletika, júziw, gúres, sport oyınları, futbol, háreketli oyınlar) oqıw materialın oqıtıw óziniń ózgeshelikleri menen sabaqtıń tiykarǵı bólimin túrlishe shólkemlestiriwdi talap etedi. Sabaqtıń tiykarǵı bóliminiń talapların sheshiw oqıwshılar iskerligin toparlı, individual,

frontal, úzliksiz-baylanıstırıp aylanıp júrip orınlaw, kreystring usılı arqalı mektep jasındaǵı oqıwshılardıń fizikalıq tárbiya, fizikalıq jaqtan rawajlanǵanlıǵı, tayarlanǵanlıǵı hám organizminiń anatomiyalıq, fiziologiyalıq ózgesheliklerin itibarǵa alıwdı talap etedi.

3. Dene tárbiya sabaǵınıń juwmaqlaw bólimi sabaq ushın ajıratılǵan ulıwma waqtınıń 3-5 minutı sarıplanadı. Onda fizikalıq sıpatlardı rawajlandırıw ushın hár qıylı háreketli oyınlar hám estafetalar hám fizikalıq shınıǵıwlardan paydalanıladı. Sabaqtıń tiykarǵı bóliminde kóterilgen emocional jaǵdaydı tómenletiwshi shınıǵıwlar orınlanadı, úyge tapsırma ushın shınıǵıwlar túsindiriledi hám sabaq ótkerilgen orınnan (sport maydanshası, sport zalı hám taǵı basqa) shólkemlesken jaǵdayda kiyiniw xanasına baqlaw shólkemlestiriledi. Baslanǵısh klasslarda ótkerilgen shınıǵıwlardan soń oqıwshılardı oqıtıwshınıń ózi kiyiniw xanasına shıǵarıp saladı.

Hár qıylı jastaǵı oqıwshılar menen ótkerilgen fizikalıq tárbiya sabaqlarınıń tayarlaw, tiykarǵı hám juwmaqlaw bólimlerin salıstırıw nátiyjeleri analizi birinshiden, nızamlı ráwishte olardıń bir-birinen ayırmashılıǵın kórsetedi. Sabaqtıń tayarlaw, tiykarǵı, juwmaqlaw bólimleriniń dawamlılıǵınıń ózgeriwi oqıwshılardıń jasına baylanıslı. Baslanǵısh klaslarda sabaqtıń tiykarǵı bólimleri salıstırmalı ráwishte bir qıylı, yaǵnıy tayarlaw hám juwmaqlaw bólimleriniń dawamlılıǵı tiykarǵı bólimniń dawamlılıǵınan azǵana parıqlanadı [2].

Joqarı klaslarda bolsa tayarlaw, juwmaqlaw bóliminiń dawamlılıǵı tiykarǵı bólimniń dawamlılıǵınan keskin parq qıladı. Baslanǵısh klasslarda balalar psixologiyası hám olardıń fiziologiyalıq ózgeshelikleri, fizikalıq sipatlariniń toliq rawajlanbaǵanliǵi, sabaqtıń tiykarǵı bóliminde olardıń organizmin hám dıqqatınıń aldında turǵan qıyın háreket iskerligin orınlawǵa tayarlaw ushın kóp waqıt sarıplawdı talap etedi. Bunnan tısqarı tayarlaw shınıǵıwların túsindiriw hám kórsetiw úlken jastaǵılarǵa qaraǵanda ásten alıp barılıwı sabaqtıń bólimlerinde oqıtıwshı tárepinen kóp waqıt sarıplanadı [1].

Orta hám joqarı klassqa ótken sayın sabaqtıń tayarlaw hám juwmaqlaw bólimleri ushın sarıplanǵan waqıt nızamlı ráwishte azayıp baradı. Sebebi oqıwshılarda hár qıylı sap hám tayarlaw shınıǵıwların anıq orınlaw kónlikpesi joqarı boladı. Túsindiriw hám kórsetiw ushın az waqıt sarplanadı, tiykarǵı bólimde oqıwshılar tárepinen úlken kólemdegi júkleme menen fizikalıq shınıǵıwlardı orınlaw ushın talap júzege keledi, soǵan qaray tayarlaw tiykarǵı juwmaqlaw bólimleriniń hár qıylı jastaǵı oqıwshılar menen ótkeriliwi túrlishe hám ózleriniń ózgeshelikleri menen parıqlanadı [3].

Juwmaqlap aytqanda ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıwshı jaslardıń organizminiń funkciyaların rawajlandırıwda dene tárbiyası sabaǵı tiykarǵı qural sıpatında xızmet etedi. Dene tárbiya sabaǵın durıs shólkemlestiriliwin támiyinlewde sabaq barısında oqıwshılardıń iskerligin shólkemlestiriw usılları durıs tańlap alıw, materiallıq texnikalıq jaqtan támiyinlew, gigienalıq jaǵday jaratıw hám oǵan ámel etiwdi qoyılǵan wazıypanı unamlı sheshiw názerde tutılǵan.

Dene tárbiya sabaqları bólimleriniń dawamlılıǵı ayırmashılıqlarına qaray keskin ózgeriwi máselen baslanǵısh klass oqıwshılarınıń psixologiyasına, fiziologiyalıq ózgeshelikleri, fizikalıq sıpatlardıń tolıq rawajlanbaǵanlıǵı sebebine baylanıslı bolıp tabıladı.

## Ádebiyatlar

1. Abdullaev A., Xankeldiev Sh.X. Jismoniy tarbiya nazariyasi va usuliyati. -T.: O‘zDJTI nashriyot-matbaa bo‘limi, 2007.
2. Матвеев Л.П. Основы спортивной тренировки. -М.: “Физкультура и спорт” 1977.
3. Юнусова Ю.М.Теория и методика физической культуры. Учебное пособия. -Тошкент: УзГосИФК 2007.

**REZYUME.** Maqolada jismoniy tarbiya darsining tuzilishi, darsni o‘tkazish uchun gigiyenik shart-sharoitlarni yaratish, turli pedagogik muammolarni hal qilish, turli yoshdagi maktab o‘quvchilari bilan o‘tkaziladigan dars qismlarini taqqoslash masalalari muhokama qilinadi. Boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining psixologik va fiziologik xususiyatlari ham hisobga olinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается вопросы строения урока физического воспитания, о создании гигиенических условий проведения урока, о решении различных педагогических задач, вопросы сравнения частей урока проводимых со школьниками различного возраста. А также рассмотрены психологические и физиологические особенности детей начальных классов.

**SUMMARY.** The article examines the issues of the structure of a physical education lesson, the creation of hygienic conditions for conducting a lesson, the solution of various pedagogical problems, issues of comparison of parts of the lesson conducted with schoolchildren of different ages. The psychological and physiological characteristics of primary school children are also examined.

# AN'ANAVIY XONANDALIK FANINI O'QITISHNING KASBIY PEDAGOGIK USULLARI

**Z.I.Ro'zmetov** – *mustaqil tadqiqotchi*
*Urganch davlat universiteti*

**Tayanch so'zlar:** pedagogika, usul, metod, vosita, musiqa, ashula, xonandalik, ijrochilik, pedagogik zarurat, kasbiy musiqa, ta'lim, tushuncha, an'anaviy xonandalik.

**Ключевые слова:** педагогика, метод, метод, инструмент, музыка, пение, пение, исполнение, педагогическая потребность, профессиональная музыка, воспитание, понимание, традиционное пение.

**Key words:** pedagogy, method, method, tool, music, singing, singing, performance, pedagogical need, professional music, education, understanding, traditional singing.

**Kirish.** Pedagogika, musiqa ta'limi, musiqa pedagogikasida hamda musiqa san'atida an'analar va uzluksizlikni ko'p qirrali masalalarini o'rganish filologiya sohasida Bahodir Sarimsoqov, To'ra Mirza, Mamatqul Jurayev, musiqashunoslikda Is'hoq Rajabov, Fayzulla Karomatov, Oqilxon Ibrohimov, Ravshan Yunusov, musiqa pedagogikasida Qurbonniyoz Panjiyev, Shomurod Mustafoyev kabi olimlar tadqiqotlarida keng yoritilgan bo'lsada, biroq, an'anaviy xonandalik fanini o'qitish metodikasi masalasi bilan bog'liq jarayonlar musiqa pedagogikasida ilk bor tahlil etilayotgani musiqiy pedagogik an'analarga nisbatan ma'lum ma'noda an'ana to'g'risidagi pozitsiyalarni rivojlantirish masalalariga ancha oydinlik kiritildi.

**Metodologiyasi.** Qolaversa mazkur tadqiqot pedagogik an'analarning mohiyati uzluksizlik va takrorlanuvchanlik toifalarini ochib beradi va bu tarixiy dinamika jarayonida ijtimoiy va madaniy ahamiyatga ega bo'lgan pedagogik tajribani o'rganish, qabul qilish, uzatish va ko'paytirish, shuningdek, saqlashni davomiyligini ta'minlaydi. An'anaviy xonandalik fanini o'qitishda ma'lum bir ijtimoiy-madaniy hamjamiyat (avlod, ijtimoiy guruh) uchun muhim bo'lgan elementlarning tashqi (tarixiy va ijtimoiy-madaniy) determinatsiyasi va qiymat tanlovi asosida shakllanishi hamda pedagogik voqelik va jamiyatning barqaror rivojlanishini ta'minlashga xizmat qiladi [1].

Pedagogik an'analarning mazmuni pedagogik qadriyatlar, pedagogik bilimlar, pedagogik faoliyat, pedagogik natija o'z o'rnini topadigan pedagogik voqelikni aks ettiradi, tajriba va faoliyat usullari, faoliyat natijalari, shuningdek ularni avloddan avlodga uzatadigan usullari haqidagi g'oyalarni o'z ichiga oladi [6]. Pedagogik an'analarning vazifasi pedagogik voqelikning barqarorligini ta'minlashdan iborat [3].

Pedagogik an'analarga nisbatan "mahalliy musiqiy an'ana", "pedagogik xonandalik an'ana" kabi tushunchalar kiritilgan [2], ular turli xil ijtimoiy guruhlar uchun ahamiyati bilan farq qiladi, bunday holatlar an'ana ko'lamining kengligini ko'rsatadi. Asosiy pedagogik an'ana – har bir avlodning pedagogik faoliyatida uni amalga oshirishning muayyan normalarini ko'paytirishni ta'minlaydigan o'ta umumiy stereotiplar tizimi, ularning mazmuni sivilizatsiyaning aniq tarixiy holatiga va uning rivojlanish darajasiga bog'liq. Mahalliy an'ana individual va universal, o'zgaruvchan va invariativligin ta'minlaydi.

Pedagogik an'analar, shuningdek madaniy an'analar uch bosqichli dinamikaga xosdir. Rivojlanishning dastlabki bosqichlarida invariantning shaxsiy rivojlanishi sodir bo'ladi, buning natijasida uning turli xil variantlari paydo bo'ladi va birga yashaydi. Rivojlanishning uch bosqichidan o'tib, an'ana sifat jihatidan o'zgaradi. Agar eskisi o'zgarmagan holda keyingi avlodda o'tsa u holda bu an'anaviylikning bardavomligini ta'minlagan bo'ladi. Misol tariqasida "O'rtar" ashulasi. Uning musiqa muallifi ma'lum. Mana bir necha avlod tomonidan tinglanayotgan va ijro etilayotgan musiqa asarining musiqa va so'z mazmuni, ijro uslubi o'zgarmagan holda ijro etilmoqda. Bu asar an'anaviy xonandalik asari sifatida tilga olish mumkin. Qachonki asar eskisi yangisi bilan almashtiriladi, bu esa mavjud tuzilmani boshqa shakllanish bilan almashtirishga olib keladi. Shunga ko'ra, pedagogik an'ana bir vaqtning o'zida yangilansa, takrorlansa u holda u an'anaviy xonandalik asari bo'la olmaydi.

Pedagogik an'anani "murakkab tarkibiy, ko'p darajali, iyerarxik tuzilma" deb qarash mumkin, uning asosiy tarkibiy qismlari keng doirada - yuqori, konseptual (musiqiy va pedagogik) darajadan pedagogik praksis darajasigacha, ya'ni o'qitishning o'ziga xos usullariga o'tishi mumkin bo'ladi. Birinchi holda, an'ana pedagogik ong sohasida sinadi, o'quv faoliyatining maqsadi, mazmuni, shartlari va shakllari to'g'risida ideal g'oyalar shaklida harakat qiladi; ikkinchi holda, u ma'lum bir o'qitish metodikasini belgilab, operatsion va amaliy harakatlar sohasida o'zini e'lon qiladi [4].

Respublikamiz oliy ta'lim muassasalari pedagogika sohasi bakalavriat bosqichi musiqa ta'limi yo'nalishida tayyorlanayotgan bo'lajak musiqa o'qituvchilarini an'anaviy xonandalik fanining o'qitish metod va usullarini egallashlarida jamiyat rivojlanishining hozirgi bosqichida, an'anaviy xonandalik mahoratini egallashning konseptual darajasida xonandalik asarlari ijrosi mahoratini o'rgatish bilan bog'liq ushbu jarayonda ashula ijrochiligi uslublari mavjudligini ta'kidlab o'tish joiz.